

State Road (SR) SR 976/SW 40 Street/Bird Road

Soti nan lès SW 87 Avenue rive nan SW 58 Avenue

No. Idantifikasyon pwojè a: 445991-1-52-01/02 ak 445990-1-52-01

**FDOT COMPASS**

FDOT pran angajman pou li asire enfrastruktir Eta a sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kèk nan pwent kle yo pwoteksyon moun, rezistans, chèn apwovizyonman, teknoloji, epi devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

**KOMINOTE YO**

- Amelyore kote pou pyeton travèse lari nan kafou sa yo: SW 84 Avenue, SW 82 Avenue, SW 79 Avenue, SW 7800 Block, SW 74 Avenue, SW 72 Avenue, SW 67 Avenue ak SW 62 Avenue

**SEKIRITE**

- Rebati twotwa yo epi amelyore ranp pou pyeton pase sou twotwa yo
- Amelyore limyè trafik, ansèy, ak liy ki pentire atè sou wout yo, ni pou machin ni pou pyeton
- Elimine kote pou vire agoch nan direksyon sid sou wout SW 60 Court pou ale nan direksyon lès SW 40 Street
- Elimine kote pou vire agoch nan direksyon nò sou wout SW 60 Court pou ale nan direksyon lwès SW 40 Street
- Elimine vire a goch soti nan direksyon lès SW 40 Street pou rive nan direksyon nò SW 65 Avenue
- Elimine kote pou vire agoch nan direksyon lwès sou wout SW 40 Street to pou ale nan direksyon sid SW 59 Avenue ak SW 62 Court
- Modifiye kote ki an beton nan mitan wout SW 61 Avenue a pou elimine kote pou moun travèse nan kafou a
- Enstale nouvo limyè trafik nan SW 62 Avenue

**REZILYANS**

- Rezasfalte wout la epi retrase liy atè yo pou prezève dire tan sèvis wout la

**CHÈN EKIPMAN**

- Alonje kote pou vire al nan direksyon wès nan SW 40 Street liy ki vire agoch nan SW 72 Avenue, SW 67 Avenue ak SW 62 Avenue pou amelyore jan sikilasyon an mache nan kafou sa yo

**TEKNOLOJI**

- Enstale nouvo kalite anpoul (LED) sou poto nan lari yo

**DEVLOPMAN MENDÈV**

- Pwojè sa a kreye opòtinite pou kontraktè, epi sa va pote avantaj ekonomik pozitif pou travayè epi pou kominote a

**TOUJOU KONSIDERE PWOTEKSYON MOUN AN PREMYE**

Pou pwoteksyon w ak pwoteksyon lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondui machin, lè w ap mache oswa lè w ap pase sou bekàn nan zòn konstriksyon yo. Pou dènye nouvèl sou sikilasyon an, al sou: [www.fl511.com](http://www.fl511.com).



**MEN SA NOU DWE ATANN**

Y ap fè travay yo etap pa etap pou travay yo pa twò deranje moun nan zòn nan. Liy trafik y ap fèmen tanporèman yo kab gen efè sou sikilasyon an nan lè ki pa gen anpil trafik. Y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun antre soti nan kote ki sou bò kote y ap fè travay yo.

**KALANDRIYE**

Jen 2024 - ete 2025

**PRI KONSTRIKSYON AN**

7.9 Milyon dola

**KOTE YO PRAL FÈ PWOJÈ A**

City of South Miami  
Unincorporated  
Miami-Dade County

Avi: Sa posib yo kab chanje dat yo.

**ENFÒMASYON SOU LIY TRAFIK YO PRAL FÈMEN**

Y ap fè travay yo etap pa etap pou konstriksyon an pa twò deranje moun nan zòn nan. Yo kab fèmen wout yo nan lè sa yo:

**Fèmti yon liy trafik**

9è a.m. pou 3è 30 p.m., chak jou

7è p.m. pou 6è a.m., chak swa

**Fèmti 2 liy trafik**

11è p.m. pou 6è a.m., chak swa

Y ap kite kote pou moun pase antre soti nan biznis yo epi lakay yo. Chak semenn y ap afiche wout y ap fèmen sou sitwèb biwo transpò a, [www.southflroads.com](http://www.southflroads.com).



**KONTAK**

FDOT Consultant Community Outreach Specialist  
Miranda Brito | [Miranda.Brito@dot.state.fl.us](mailto:Miranda.Brito@dot.state.fl.us) | 786-774-9714

**FOLLOW US** MyFDOT\_Miami MyFDOTMiami

**SOUTHFLROADS.COM**

Eskane Kòd QR sa a pou dènye nouvèl sou pwojè a.

